

## KIMOUN NOU YE

Ekip Entèvansyon kont Trafik Moun Konte Palm Beach lan te kreye an 2017, pasyèlman grasa finansman Depatman Jistis te bay. Ekip Entèvansyon an te kreye pou pou konbat trafik moun nan Konte Palm Beach grasa yon kad travay ki kolaboratif, santre sou viktim yo epi ki gen eksperyans twomatis. Ekip Entèvansyon an kolabore ak lapolis lokal, Eta a ak federal ansanm ak ajans pouswit jidisyè lokal, Eta a, federal ak non-gouvènmantral ansanm ak ajans founisè sèvis ki baze sou lafwa, pati pregnant kominote yo ansanm ak lòt patnè ki enterese. Efò kolaboratif yo envesti nan aktivite pou idantifye, sove epi retabli viktim yo; ankete ak pouswiv zak trafik yo; epi konsyantize piblik la konsènan trafik andedan ak ozalantou kominote nou an.

## ENFÒMASYON RAPID

- Aktivite ki Rapòte \$150 Milya Dola nan Lemonn
- Anviwon 20.9 milyon viiktim Trafik Moun nan Lemonn
  - 68% olije Travay de Fòs
  - 26% se Timoun
  - 55% se Fi
- Anviwon 400,000 - 650,000 Viktim Trafik Moun Ozetazini
  - Pifò Viktim yo se Sitwayen Ameriken oswa Rezidan Pèmanan
  - 13 se Laj Mwayen Timoun Ameriken Oblije patisipe nan Trafik Seksyèl
  - 1 timoun ki sove lakay li sou 5 Deklare yo te Fòse yo Patisipe nan Trafik Seksyèl
- FLORIDA Pozisyon li nan 3zyèm Pozisyon nan Peyi a pou Kantite Zafè Trafik Moun yo Sispèk
- KONTE PALM BEACH nan 3zyèm Pozisyon nan Florida pou Kantite Zafè Trafik Moun yo Sispèk

*"Done yo te resevwa nan men: Estimasyon Global Mendèv Fòse Oganizasyon Entènasyon Travay, Polaris, Sant Nasyonal pou Timoun ki Disparèt epi ki Eksplwate (National Center for Missing & Exploited Children), Depatman Deta Etazini ak Rapò Etazini sou Trafik Moun yo.*

**Pou jwenn plis enfòmasyon , al gade nan:**  
**[www.pbso.org/human-trafficking](http://www.pbso.org/human-trafficking)**

## KIKOTE POU RAPÒTE?

*Pou rapòte yon ka sispèk Trafik Moun, tanpri kontakte:*

**National Human Trafficking Resource Center (NHTRC)**

**1-888-373-7888 oswa  
Voye yon mesaj tèks nan "BeFree"  
233733**

**Sizoka ta gen yon sitiyasyon ijans ki mande pou yo aji touswit, Rele 911**

## ENFÒMASYON OSIJÈ EKIP ENTÈVANSYON AN

Pou mande enfòmasyon oubyen fòmasyon, tanpri kontakte Biwo Sheriff Konte Palm Beach lan Initepou Konbat Trafik Moun nan 561-687-6838 oswa voye nou yon imèl nan [HumanTrafficking@pbso.org](mailto:HumanTrafficking@pbso.org)

## ENFÒMASYON KONSÈNAN SÈVIS POU VIKTIM YO

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan Sèvis pou Viktim Ekip Entèvansyon an oubyen pou fè yon referans pou sèvis pou viktim, dirèkteman, tanpri kontakte:

Palm Beach County Victim Services Division  
[www.pbcgov.org/publicsafety/victimservices](http://www.pbcgov.org/publicsafety/victimservices)  
Contact Phone: (561) 355-2418

## 24/7 HELPLINE

**HELPLINE: (561) 833-7273  
TOLL FREE: (866) 891-7273**

Catholic Charities of the Diocese Of Palm Beach, Inc. Bakihta Empowerment Program  
Imèl: [AHT@ccdpc.org](mailto:AHT@ccdpc.org)  
Telefòn Kontak: (561) 345-2008

*"Sibvansyon Nimewo 2016-VT-BX-K003 te kore pwøjèsa a epi se Biwo Asistans Jistis (Bureau of Justice Assistance) ki te bay li. Biwo Asistans Jistis la se yon eleman nan Biwo Pwogram Jistis Depatman Jistis la, ki gen ladann tou Biwo Estatistik Lajistis, Enstiti Nasyonal pou Lajistis, Biwo Jistis Jivenil ak Prevansyon Delenkans, Biwo Viktim Zak ak Biwo SMART la. Pwendvi oswa opinyon w ap jwenn nan dokiman sa a se pwendvi ak opinyon otè(yo) epi yo pa nesèman reprezante pozisyon ofisyèl Depatman Lajistis Etazini."*

Si ou pa kapab li dokiman sa a, kontakte PBSO nan 561-688-3080 pou mande yon lòt fòma.

PBSO #0324C Rev. 10/19



# Trafik Moun

## DEFINISYON MISION AN

**"Ekip Entèvansyon kont Trafik Moun Konte Palm Beach lan te kreye pou konbat tout fòm trafik moun grasa yon kad travay kolaboratif, ki santre sou viktim, epi ki konn jere twoma; pou fè sa, li idantifye, sove epi retabli viktim yo; li ankete epi pouswiv devan lajistis zak trafik yo; epi li ogmante konsyans kominote a konsènan trafik andedan ak ozalantou kominote nou an."**



## LWA A

**Manman-Lwa Eta Florid chapit § 787.06** defini Trafik Moun konaa: se transpò, mande, rekrite, ebèje, ofri, ankouraje, prezève oubyen jwenn yon lòt moun pou kapab eksplwate moun sa a.

**Trafik Seksyèl** se rekritman, ebèjman, transpò, pwovizyon, obtansyon, acha sèvis oubyen mande sèvis nan men yon moun pa la fòs, fwòd oubyen menas oubyen kote moun yo fè fè aktivite a poko gen 18tan, pou eksplwate li pou l fè sèks pou lajan, sètadi nenpòt aktivite seksyèl nenpòt moun bay oswa resevwa yon bagay ki gen valè ann echanj pou li. (22 USC § 7102)

**Trafik Mendèv** se rekritman, ebèjman, transpò, pwovizyon oswa obtansyon yon moun pou travay oswa pou sèvis, grasa itilizasyon lafòs, fwòd oubyen menas pou mete l nan sèvitid, yon asèvisman ki fonde sou andèman oswa yon esklavaj kont volonte li. (22 USC § 7102)

## TRAFIK KAPAB GEN LADANN DIVÈS FÒM EKSPLOWATASYON

### Trafik Seksyèl

- Pwostitisiyon • Pònografi • Sèvis Eskòrt • Bòdèl
- Trafik Fi pou Marye • Salon Masaj • “Club Striptiz”
- Arè sou Otowout pou Kamyon yo • Gwo Evènman Espòtif • Kazino

### Trafik Mendèv

- Sèvitid Domestik • Konstriksyon • Travay nan Restoran • Travay Agrikòl • Lennskeping • Salon pou Fè Zong • Housekeeping nan Lotèl • Faktori/Atelye Travay

## PÈSE SILANS LAN: KESYON POU POZE

- Èske ou gen kat idantite w?
- Èske ou kapab ale-vini jan ou vle?
- Kikote w ap dòmi? Kikote ou konn manje?
- Èske ou abite avèk anplwayè w oswa yon lòt moun?
  - Èske ou kapab kite travay la si w vle?
- Èske yo te fwape w oubyen menase w paske ou te eseye ale?
  - Èske yo te menase oubyen fè fanmi w ditò?
    - Èske oud we anplwayè w lajan?
- Èske fanmi w/zanmi w konnen kikote ou ye?

## Eleman ki Konstitiye Zak Trafik Moun

### AKSYON YO

**Nenpòt kilès oswa tout sa ki annapre yo:**

Transpò  
Mande sèvis  
Rekrite  
Ebèje  
Ofri  
Ankouraje  
Prezève  
Obteni



### MWAYEN YO

**Nenpòt kilès oubyen tout sa ki annapre yo:**

Fòs (Itilizasyon fòs vreman/Menas)  
Means pou fè manm fanmi ditò  
Detansyon/Izòlman (oswa menas)  
Kenbe/dtwi dokiman  
Ditò finansye (oswa menas)

Dèt  
Fwòd  
Desepsyon



### OBJEKTIF

**Eksplwatasyon pou:**

Fè sèks pou lajan  
Travay  
Sèvis

*Timoun ki poko gen 18tan yo mete ap fè sèks pou lajan pa bezwen pwouve MWAYEN YO pou yo ka konsidere yon se viktim yon zak trafik moun. Anba Manman-Lwa Eta Florid, chak fwa yo fè yon timoun ki poko gen 18tan pwostitue oswa yo mande li sèvis pou fè bagay, sa konsidere kòm Trafik Seksyèl.*

## ENDIKATÈ POSIB TRAFIK MOUN: REKONÈT SIY YO

Èske moun lan lib pou li pati, ale-vini jan l vle?

Èske moun lan pa touche, oswa li touche yon ti kras lajan, oubyen se tep (tips) sèlman li touche?

Èske moun lan travay twòp lè epi/oswa lè ki pa nòmal?

Èske moun lan pa otorize fè pòz oswa l ap soufri anba restriksyon ki pa nòmal nan travay la?

Èske moun lan dwe anpil lajan epi li pa kapab repeye tout kòb la?

Èske yo te rekrite moun lan sou labaz fo pwomès kote yo te manti sou tip ak kondisyon travay y ap genyen pou fè a?

Èske moun lan abite menm kote li travay la?

Èske moun lan abite ansanm ak anpil lòt moun nan yon kote ki pa gen anpil plas?

Èske moun lan nan sektè aktivite seksyèl pou lajan epi èske yo gen yon pimp/manadjè?

Èske moun lan poko gen 18tan epi l ap fè bagay seksyèl pou lajan?

Èske moun lan sanble li gen lakrentiv, li pè oswa li paranoyak?

Èske moun lan evite gade moun nan zye?

Èske moun lan sanble li deprime, li gen konpòtman oto-destriktè?

Èske moun lan sanble li gen twoub ki gen pou wè ak konsomasyon dwò oswa alkòl oubyen estrès post-twomatik?

Èske moun lan malnouri, li gen blesi ki pa swen, li gen frakti zo ki te rive anpil tan desa?

Èske moun lan gen mak brile, mak mòde oswa tatou makaj sou kò li?

Èske moun lan gen kontwòl oswa posesyon kat idantite yo, dokiman pou vwayaje, lajan, dosye finansye, kont labank yo?

Èske moun lan pa gen anpil posesyon oubyen li pa gen okenn posesyon ditou?

Si se yon timoun ki poko gen 18tan, èske moun lan enskri lekòl?